# Абатлыққа жүз бурып

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары Р.Сапарбаев халық пенен ушырасыў, машқалаларын үйрениў ҳәм сапластырыў мақсетинде Төрткүл районында район турғынлары менен ашық ушырасыўлар өткерип атыр.

Image not found or type unknown

Ушырасыўлар даўамында анықланған машқалалар бойынша бүгинги күнде «Жанбасқала» АПЖ аймағына 70 дана темир бетон электр бағаналар алып келинип орнатыў жумыслары алып барылмақта. Сондай-ақ, 1 дана трансформатор жаңаланды.

Image not found or type unknown

5 км аралықтағы газ трубаларын оңлаў ҳәм жаңалаў жумыслары режелестирилип, жумыслар баслап жиберилди.

Аймақ турғынларының күнделикли турмысында ең керекли болған «Жанбасқала» АПЖ аймағына алып барыўшы 15 км жолға асфальт төсеў ушын 450 тонна асфальт алып келинди ҳәм кесип жамаў жумыслары алып барылмақта.

Image not found or type unknown

Соның менен бирге ишки хожалық жоллар ушын ЩПС (қум щебен аралспасы) жеткерип берилди ҳәм ишки жолларды тегислеў жумыслары орынланды.

Әлбетте булардың барлығы бир ғана аймақта алып барылып атырған жумыслар. Бундай ийгиликли әмеллер республикамыз бойлап барлық аймақларда даўам етпекте.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Төрткүл районы ҳәкимлигиниң Мәлимлеме хызмети